Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Москвара цIа веана Нохчийчуьра 28 шо долу жимстаг лачкъийна, ницкъ бина цунна тIехь

Товбеца-бутт 02, 2026




Соьлжа-ГIалара аэропорт, гайтаман сурт

Нохчийчуьра ницкъаллин структураша Москвара цIа веанчул тIаьхьа лачкъийна вигина 28 шо долу махкара вахархо Арсанов Имам. Ши бутт сов хан йу иза Кадыров Ахьмадан цIарахчу шолгIачу полкан дозана тIехь латтош волу.

Арсанов лачкъорах лаьцна хьалхо хаамбинера нохчийн NIYSO боламо. Жигархойн хаамашца, Соьлжа-ГIаларчу аэропортехь лаьцна жимстаг. Цул тIаьхьа ницкъбина цунна тIехь, шайггара кхоьллина бехкзуламан гIуллакх тIелацийтархьама. Цуьнга хеттарш динарш къайлахчу сервисийн белхахой а цхьаьна бу.

Тхан редакцин хьасто хаамбира, Арсанов охан-беттан 26-чохь лаьцна ву аьлла. Москвахь цхьацца белхаш беш хиллера иза.

Полицино йуьхьанца, Арсанов шайгахь вац баьхнера, амма тӀаьхьо цуьнан дена пурба деллера кӀантана тӀекхача. ТӀаьххьара шен воӀ гина цунна мангал-баттахь, оцу кӀанта бехкаш тӀелоцуш куьйг йаздинчул тӀаьхьа. "Шемаца доьзна" цхьанхьа ахчанаш кхехьийтина аьлла гӀуллакх ду дуьйцург. Оцу гӀулакхан таллам бина цхьана а кепара кехаташ кӀентан денананна гайтина дац.

ХӀинццалц схьа Арсанов гӀуллакх деана вацара меттигерчу ницкъаллин структурийн белхахошца, билгалдаьккхина тхан хьасто.




Арсанов Имам

- Мангал-бутт болалуш нохчийн NIYSO боламо дӀахьедира Украинана дуьхьал тӀом бан республикера 80 вахархо вахийтарх лаьцна, уьш бара хьлхо ницкъаллин структурийн белхахоша лечкъийна бигина хилла бахархой. Бутт бовш йуха а дӀахьедира жигархоша рейдаш дӀайахьарх а, тӀеман комендатуре тӀекхайкха хан йолу божарий лецарх а.

- Цул совнах, боламан хаамашца, Соьлж-ГӀалахь лакхарчу доьшийлашка деша дӀахӀийтта баьхкина кегийрхой а тӀеман комендатуре дӀахьийсош хиллера.

- Кавказ.Реалиин редакцино къастийра, тӀаьххьарчу беттанашкахь Нохчийчохь лечкъийна бигинчу нахах лаьцна хууш дерг.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю